ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№9 (23.417) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дыз эрыт илъэсым и етІуанэ Іыхьэм зэхэтынущ Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэм теухуа аукционыр

Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэм теухуа аукционыр дызэрыт илъэсым и етІуанэ Іыхьэм зэхэтынущ. Апхуэдэу жиІащ Урысей Федерацэм щІым и гъэтІылъыгъэхэмрэ экологиемкІэ и министр Донской Сергей. «Зи гугъу тщІы пІалъэр мы гъэм и етІуанэ Іыхьэращ. Лицензэ тыныжкІэ планым а щІыпІэр хыхьащ. ПщІэдзэ уасэр сом меларди 4-м ноблагъэ», - къыхиІуэщащ министрым.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир Правительствэм пщэрылъ щиІам ипкъ иткІэ, зи сэбэп хэлъ Іуэхущ1апІэхэм ядэщІыгъуу хэпльэну къыхалъхьащ Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэхэр зэфІэгъэувэжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр, а проектым и финанс-экономикэ щытыкІэри хыхьэу, икІи хуэфащэ жэрдэмхэр ягъэбелджылыну хуагъэуващ.

НэгъуэщІ щІыпІэхэм ХъаІ хьэпшпхэм ялрэхьн къыщІэгъэкІынымкІэ программэм ипкъ иткІэ, къэрал дэІэпыкъунигъэ зратыну ягъэлъэгъуа проектхэм мы комплексыр хыхьащ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Тырныауз и вольфрам-молибден комбинатыщІэм и ФІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапІэ ІэнатІэ миным щІигъу къыщыІэзІуахынущ. Инвестицэ проектым и уасэр сом мелард 14,2-рэ мэхъу.

Ди къуэш республикэхэм

Гъатхасэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхасэм зыхуагъэхьэзыр. Гупльытэ хэха, дауи, зыхуащІыр жылапхъэхэм я фІагъэраци, ахэр зыхуэдэр «Россельхозцентр»-м и лабораторэм щыгъэхьакІ.***

ЖЫЛАПХЪЭР дызыхь зыхуэпщІхэм я деж къыщыпщхуауэ, дзэртэрэмэ шэч ХъытумыхьэмИ, лабораторэм щегъэлпльн хуейщ.

«Россельхозцентр»-мрэ абы и щІыналъэ къудамэхэмрэ нобэкІэ къыщапщытащ Адыгейм и мэкъумэшыщІэхэм трасэну ягъэхьэзыра жылапхъэ центнер мин 43-м и зэхуэдитІым щІигъур. Лабораторэхэм лжьыбгъэм пащэ, абыхэм я Іэщ1агъэлІэхэм я Іуэхутхьэбзэм уасэ щІатын хуейкъым.

Сом мелуан 209-рэ къыІэрыхьэнущ

Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Адыгейм хьэдиІыгъащ хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ зэрыдзІэпыкъуну ахъшэ кратыным теухуауэ зэрызыхуигъэзар.

ФЕДЕРАЛЬНЭ бюджетым къыхэкІыу Адыгейм къыІэрыхьэнущ сом мелуан 209,1-рэ. А ахъшэм щыщ трагъэкІуэдэнущ агробизнес-инкубатор къызэрагъэпэщынми.

Япэ псапащІэ тыкуэн

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Иджы япэу республикэм дзэкъэн щыщІидзащ «Тыкуэн гуапэ» фІащауэ «ДзІэпыкъуныгъэ» фондым къызэригъэпэщам.***

- РЕСПУБЛИКЭМ апхуэдэ дзэ нэхъапэм щыІакъым. ЩэхуакІуэм ди деж хьэпшыпхэм я мызакъуэу, дызыдзэлажьэхэм я Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэ къызэрыхуащІэн сертификатхэри къыщащхуну Іэмал яІэщ. Сатум къыхэкІ ахъшэр трагъэкІуэдэнущ фондым лъэІукІэ зыкъыхуэзыгъэза щыхуэкъ ядэІэпкъыным, - жеІэ «ДзІэпыкъуныгъэ» фондым и проектхэр ззэзыгъэуІу Айбазовэ Іэминэ.

Ветеранхэр псэупІэкІэ къызэрагъэпэщ

Хэку зауэшхуэм и ветеран 20-м нэгъабэ дзІэпыкъуащ я псэупІэхэр ирагъэфэкІуэным теухуауэ.

ИУЖЬРЕЙ иэхсиблым Къэрэшей-Шэрджэсым Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу, апхуэдэхэм я фызабэу 1200-м ахъшэ щратащ я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ. А Іуэхур ириззфІэкІыну федеральнэ бюджетым илъэсиблым кьриубыдэу къахуиутІыпщащ сом мелуан 24,5-рэ. Иджыри чэзум щытщ цІыху 23-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мы махуэхэм

ЩІышылэм и 19, *махуэку*

♦Беларусь Республикэм щагъэлъапІэ Къегъэлакіуэм и махуэр

♦1847 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий СулътІан и «Урыс-шэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кІэщІ щыгъуу» тхыгъэр.

♦1942 гъэм Дзэ Плъыжьым хуит къищІыжащ Можайск, Верея къалэхэр.

♦1943 гъэм Ульяновск областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Тильзит, Млава, Лодзь, Краков, Кошице къалэхэр хуит къащІыжащ.

♦1955 гъэм США-м и президент Эйзенхауэр Дуайт дунейм щыяпэу телевиденэмкІэ пресс-конференц иригъэкІыуакІащ.

♦1965 гъэм Майскэ посёлкэр къалэ яІащ.

♦1966 гъэм Ганди Индирэ Индием и премьер-министр къулыкъум теуваащ.

♦1991 гъэм УФ-м и Атлетикэ хьэпльэмкІэ и федерацэр къызэрагъэпэщащ.

♦1992 гъэм Осетие Ипщэм референдум щекІуэкІащ, Курджым къыхэкІын-къызмыкІыным теухуа Іуэхум унафэ тращІыхьу. Республикэм щыпсэуэхэм я процент 99-м Іэ иІэтащ Курджым къыгурыкІауэ Урысейм къыхьхьэным и теЛъхьэу.

♦1996 гъэм СНГ-м хьихьэ къэралхэм я Іэтащхьэхэм я Советым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ а зэгурыныгъэм хэтхэм ящхэл кІуэуІ ІуэхуэхмкІэ я министрхэм я Совет.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ, усакІуэ, критик **По Эдгар** къызэралъхурэ илъэси 208-рэ ирокъу.

♦Урыс сурэтыщІ Іэзэ **Серов Валентин** къызэралъхурэ илъэси 152-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ цІэрыІуэ, Социалист Лжьыгъэм и Плъыжьэ **Исаковский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Абхъаз совет тхакІуэ, драматург, Абхъаз АССР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Лакербай Михаил** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, егъэджакІуэ Іэзэу щыта **Жылау Нурбий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Абдрашитов Вадим** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, КІэрашэ Тембот и щІыхькІэ щыІэ саугъэтым и лауреат, АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дербэ Тимур** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Урысей гимнасткэ, Олимп джэгуакъэ тІэунейрэ щытекІуа, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хоркинэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэс къыщсьнущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 3, жэщым градуси 5 - 3 щыхьэнущ.

ЩІышылэм и 20, *мэрем*

♦Къырым Республикэм и махуэ. 1991 гъэм а щІыналъэм референдум щекІуэкІащ. Къырымым и автономиэр эзфІэгъэувэжыным теухуауэ. Абы къыриІуам ипкъ иткІэ Украинэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм мазаем и 12-м «Къырым Автономнэ Совет Социалист Республикэр къызэрэпэщыжыным и ІэхуэкІэ» унафэр къищтауэ щытащ.

♦1588 гъэм Урыс пащтыхь Фёдор Иван и къуэм Кремлым щригъэблэгъат Черкасскэхэ Темрыкъуэ и Мамсрыкъуэрэ Къамболэт и къуэ Къудэнэтрэ (зэкъуэш бынхэт).

♦1831 гъэм Бельгиер зэи зы къэралми и Іуэху хэмыІэбэным теухуа унафэ къащтащ

♦1921 гъэм Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.

♦1921 гъэм Дагъыстэн Автономнэ Республикэр къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм СССР-мрэ Япониемрэ дипломат зэхущытыкІэ яку дэлъыным теуха унафэм Пекин Іэ щыщІадзащ.

♦1944 гъэм Великий Новгородкъалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ. Ар бийм ирыгъащ махуэ 883-кІэ.

♦1958 гъэм автомобилым иІыгъ хуабжьагъыр къызэрыгъэльагъуэ ящэ радархэр Лондон щагъэувауэ щытащ.

♦Италием щыщ кинорежиссёр, США-м я «Оскар» саугъэтыр тхуэнейрэ зыхуагъэфэща **Феллини Федерико** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Ветеранхэм я республикэ Советым щІалэгъуалэм ядэлажьэныжьмкІэ и комиссэм и унафэщІ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КЪБР-м и ЩІыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Пщыбий Сулътан** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Напшэкъуий Заур** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей политик, Тэтэрстаным и япэ президенту щыта **Шаймиев Мимтимер** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Елмэс Албий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, фильм куэдым я сценарийкэр зытха, УФ-м и цІыхьэ артист **Хотиненкэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦УрэрэджьІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Аллегровэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщІысокъуэ Роберт** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Дуней псом самбэ бэнэкІэмкІэ тІэунейрэ и чемпион **Алъхъо Сыхьэтбий** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 1, жэщым градуси 5 - 3 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дзей хуэщІэ фІыщІэ хэлъкъым.

ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий:

Къэрал Думэр хуокІуэ фракцэхэр зэрэлажьэурэ УФ-м зегъэужьыным хуэгъэпса унафэхэр къыщащтэ ІэнатІэм

Псэуныгъэ-экономикэ, политикэ къэхутэныгъэхэмкІэ институтым гъубжым, щІышылэм и 17-м, къытрыригъэдзащ «Хабзэгъэувхэм я зи чэзу рейтингыр». Абы и гугъу щищІым «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ Щхьэгуэш Адэлбий къыхигъэщхьэхукІащ Къэрал Думэм и лэжьыгъэм къыщыхьуа зэхъуэкІыныгъэшхуэхэм я фІыгъэкІэ хабзэгъэувэ жэрдэмхэм нэхъ куууэ егупсыс, хэхакІуэхэм. ІэщІагъэлІхэм фракцэ псоми я депутатхэм нэхъ быдау ядэлажьэ зэрыхъуар. Апхуэдэ зэрэлэжьэныгъэм и Іэужьщ къэралыр зегъэужьыным хуэунэтІауэ зэщІэгъэуІауэ къащтэ унафэхэр.

ЩХЬЭГУЭШЫМ жиІащ иджы ещанэ зэхуэсыгъуэ хъуауэ Къэрал Думэм и депутату зэрылажьэр икІи ебланэ зэхуэсыгъуэм «Къэрал Думэм и гупэр белджылыуэ цІыхухэм зэрахуигъэзар зэрильагъур».

«Дэ дыхэплъэну къыштпэщытщ куэд щІауэ дызыльэмыІэс хабзэгъэув проект минитІым хуэдизым. Нэхъапэм депутатхэм зытращІыхьыр «Хабзэгъэув проекту нэхъыбэ къыхэслъхьэмэ, мыпхуэдэ рейтингым сыхэхуэнщ» гупсысэкІэрт. ЦІыхухэм ядэІэпыкъуныр, закъонхэм я мыхьэнэр, абыхэм я фІагъыр Іэщ1ыб щащІ щыІэт. Иджы апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм къимыгъэзэжыну кІэ игъуэтащ. Дэ къэтщтэн хуейщ ипэжьыпІэкІэ цІыхухэм щІэгъэкъуэн яхуэхъу законхэр», - пищащ парламентарым.

Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, депутатхэр егупсыс хъуауэ: «Си хабзэгъэув проектыр пхрымыкІмэ икІи ар щІыпхрымыкІам и щхьэусыгъуэр, нэгъуэщІу жьпІэмэ тэмэму зэрымыгъэхьэзырар, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм зэрахуэмыгъэзар къащІэмэ, сыт итІанэ жыс1эфынур?»

ЩхьэгуэшыМ ягу къигъэкІыжащ Къэрал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я зэхуэдитІыр зы мандат округэмкІэ зэрыхахар. Абы къыхэкІыу нэхъ гупльытэхэу хуащІын хуей мэхъу хэхакІуэхэм ядэлажьэным, щІыпІэхэм кІуэурэ абыхэм яІущІэным.

Депутатым апхуэдэу къыхигъэщхьэхукІащ хабзэгъэув проектым къару игъуэта иужь ар сэбэп пылъу къэзэгъэсэбэпыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Дэ проектхэм, хабзэгъэув жэрдэмхэм япэщІыкІэ дыщытопсэльыхь «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм и деж къыщыІэзэдгъэпэща эксперт советхэм, ІэщІагъэлІхэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, вузхэм щезыгъаджэхэм дочэнджэщ. Абы и фІыгъэкІэ ди гъащІэм ипэжьыпІэкІэ щІэгъэкъуэн хуэмыхьуну жэрдэмхэм ГъэІуэгу ягъуэтыркъым».

Щхьэгуэшым къыззэрилъытэмкІэ, екІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэм я сэбэпкІэ Къэрал Думэр «зы гупышхуэу зэкъуоувэ». Абы и фІыгъэкІэ къэралым зегъэужьыным ехьэлІа къалэн инхэр, Президентым и накъыгъэ укъэзэмкІэ пщэрылъ ящищІащІ зэрыщІэкІыну Іуэхуэ унафэ зэщІэгъэуІуахэр къащтэ. Фракцэхэр зэкъуэузэным къыщыхуриджэкІэ «Урысей зэкъуэтым» Іуэхур зытрищІыхьри аращ. Дэ конституцэ нэхъыбапІэр диІэ щыхъуам ягъэ дыззгупсысар тхьы жэуаплныгъэрщ. Дэ дегупсысауэ комитетхэр зэтедгуэшащ, ди лэжьыгъэр зэтедухуащ. Оппозицэм зы губгъэни къытхуищІакъым. «Хьэрэмыгъэ хэлъу зэныкъуэкъныщ, псалъэмакъ мыхьэнэншэхэм зыдрагъэхьэхыныр Парламентым къыщыхьу хъунукъым», - зэпымыууэ жеІэ Къэрал Думэм и спикер Володин Вячеслав, - пищащ Щхьэгуэшым икІи къыхигъэбелджылыкІащ «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм хабзэгъэув проектхэм зэгъусэу тепсэлъыхьыну и лэжьэгъуэхэр сыт щыгъуи къызэрыхуриджэр».

«Абы Іэмал къет проектхэм зэгъэзэхуэжьынгъэ тэмэмхэр хэдгъэхьэнымкІэ. ИкІи къриІуэр долъагъу: оппозицэри нэхъ жьыджэр хъуащ. Сыт щхьэжэ жыпІэмэ ди лэжьыгъэр «Урысей зэкъуэтым» и закъуэкІэ егъэфІакІуа хъунукъым, оппозицэ партхэри абы егупсысын хуейщ: нэхъапэм дяку дэлъа зэныкъуэкъуэхэр лъабжьэншэ хъужащ.

Щхьэгуэшым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, хабзэгъэув лэжьыгъэм и фІагъым хэгъэхъуэным щІыналъэхэри нэхъ куууэ щегупсыс хъуащ. ЩІыналъэ депутатхэр нэхъ гъунэгъу къытхуохъу. Ди лжьыгъэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр ялъагъури, ахэр куэдрэ мэгупсысэ, ди деж проектыр къагъэхьын и пэкІэ. Дэ жэрдэмыр дэтІыгъыну къыщыдэлъэІукІэ яжьдоІэ: «Фи проектыр Хабзэ къыддэзыгъэкІхэм я советым, Эксперт советхэм дхырыкІын хуейщ, абы къыхэкІыуи мыхьэнэншэу зыкъэвмыгъэлъэгъуэн папщІэ нэхъыфІу зывгъэхьэзыр».

«Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщІым и япэ къуэдзэм гу лъагурегъэтащ а зэхъуэкІыныгъэ псори урысейхэм зэрыдаІыгъыр. «ЗэкІэ Думэм дэ щІэзэфІэдгъэкІыр зэтеухуэныгъэ Іуэхухэм я закъуэщ, ауэ сыт тлъагъур? Ди цІыхухэм Къэрал Думэм къыхуащІ дзыхьым и рейтингыр иужь мазиплІым процент 40-м икІри процент 52-м нэс дэкІуеящ! Ар къедгъэлъэхьшэх хъунукъым. Абы папщІэ законхэм я фІагъым хэдгъэхъуэнущ».

Щхьэгуэшым апхуэдэу къыхигъэщхьэхукІащ зэфІагъэкІын хуей къалэн зыбжанэ депутатхэм я пащхьэ зэритыр. Псалъэм и хьэтыркІэ, хабзэгъэув проектхэр щІэгъэпсынщІауэ къэщтэным къыпыкІыныр: зы зэІущІэм етІуанэ, ещанэ еджэгъуэкІэ жэрдэмыр щыпхагъакІ. «Си фІэщ мэхъу мыгувэу апхуэдэ гъэри зэрыщымыІэжьнур. Мурадыр зыхуэгъэзар гъэзэщІа зэрыхъунум кууэ егупсысауэ законхэр къащтэнырщ. Абы папщІэ дэ Къэрал Думэм и Регламентым зэхъуэкІыныгъэхэр хэдгъэхьащ. Ахэр зыхуэгъэзар мыращ: хабзэгъэув проектым ещанэ еджэгъуэкІэ хэплъэнукъым, ар зэрихъэзэщІэну Іэмалхэр Правительствэм къымыгъэлъагъуэмэ. ИтІанэ лъэныкъуэ псомкІи дытепсэлъыхьа иужькІэщ законыр кІэухуэ къыщыштэнур», - жиІащ Щхьэгуэш Адэлбий.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Мылъкур тэмэму къагъэсэбэп

Гъэгугъэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ Дзэлыкъуэ щІыналъэ фондым сом мелуан 16-м нэс иратати, ар районым хьыхь жылагъуэхэм трагуэшащ икІи абыкІэ лэжьыгъэ пыухыкІа зэфІахащ.

АВТОМОБИЛЬ гъэгугъэм къадэкІуэу, ахъшэр трагъэкІуэдащ узрамхэр къагъэнэхуным, абы ирахьэлІэ электрокъарум и уасэм, гъэгу гъэлъагъуэхэр щІэкІэ хъуэжьным, къулыкъущІапІэ унэхэм кІэлъыплъным, фэтэр бжэІупэхэр зыхуей хуэгъэзэным.

Мы щІымахуэм къуажэ кІуэуІ гъэгугъэм уэсыр трагъэкъэбзыкІым, пшахъуэ тракІуэтэн щІадзащ. «Жэуаплныгъэ хэлъу иджыпстукІэ мы Іуэхур щызэфІахыр Дзэлыкъуэкъуэжьмэ и закъуэщ», - къыхигъэщащ щІыналъэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Вындыжь Резуан.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м и нейрохирургиер къызэзыгъэпэща Былымгъуэт Борис ягъэлъапІэ

Нобэ Налшык щокІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нейрохирургие ІэнатІэр къызэзыгъэпэща, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым нейрохирургиемкІэ курсым и унафэщІ, КъБР-м щІыкъ зиІэ и дохутыр, РАЕН-м и действительнэ член, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Былымгъэт Борис и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуэм теухуа щІэныгъэ-практикэ конференц.

ЩІэныгъэ зэхьыльэм хэтынущ Поленов А. Л. и цІэр зезыхьэ, НейрохирургиемкІэ урысей щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и нейрохирург пашэхэу, профессорхэу Берснев Валерий, Кондаков Евгений, Олюшин Виктор.

Конференцыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, КъБКъУ-м, Республикэ клиникэ сымаджэщым, КъБР-м и Нейрохирургхэм я ассоциацэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

ЩІышылэм и 28 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ мазаем и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэр сом 554-рэ кІэпІейкІэ 98-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Хъыбар гуапэ

Къалэнхэр гъэзэщІа мэхъу

Къэралым и дэнэ щыпІи хуэдэу, ди республикэм гъэ кІуам щылэжьащ «Школ спорт» парт проектыр. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыхилъхьа а жэрдэмым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм щыпсэу ныбжьыщІэхэм нэгъабэ тыгъэ хуащІащ зыхуей хуэза, къэгъэщІэрэщІэжа, спорт Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къызэгъэпэща спорт пэш инхэр.

ПРОЕКТЫМ илъэс блэкІам къриІуэхэр дыгъуасэ къыщащытэжащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм. Абы щекІуэкІащ къэралым и щІыналъэ псори зыхэта видео селектор зэІущІэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къызыхуэтынщэу щолажьэ «Школ спорт» парт проектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэри гъэзэщІа мэхъу, - жиІащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къуэдзэ Геккиев Сулътан, зэхуэсыр зэрекІуэкІамрэ абы къыщІэта Іуэхугъуэхэмрэ щытепсэлъыхьыжьым.

Республикэм и къуажэ школ 24-м ухуэныгъэзэгъэщІащІыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щекІуэкІащ. Абыхэм я спортзалхэм я лъэгухэр яхъуэжащ, электрокъарэу зрикІуэ кІапсэхэмрэ псы хуабэ зрикІуэ бжьамийхэмрэ щІэкІэ зэрахъуэкІащ, бжэщІэхэмрэ щхьэгъуфбжэщІэхэмрэ хагъэуващ.

Геккиев Сулътан зэрыжиІамкІэ, спорт пэшхэр зэрахьащ, абыхэм щІагъэуващ зыгъэпскІыпІэхэр. А псоми текІуэдащ сом мелуан 25-м щІигъу, щІыналъэ мылъкум къыхэкІа мелуани 2-м щІигъури хэту.

Проектым адэкІи пащэнущ. Иджыпсту ягъэхьэзыр мы гъэм зэлэжьыну Іуэхущ1апІэхэм я проект-сметэ дэфтэрхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

2017 гъэм щІышылэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ екІуэкІынущ.

ЩІыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъур унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм щIышылэм и 17-м *Налшык къалэ* *№41/1-6*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм Iэ иIэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №67-ФЗ-уэ 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьыдэкIам и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъур, 1969 гъэм къалъхуар, зи Iэщlагъэкlэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ, комиссэм хагъэхьэну зауэм, лэжьыгъэм, Iэщlкlэ Зэщlэуэзэда Къаурэхэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм я Май район зэгухьэныгъэм кьигъэлъэгуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къытедзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и сайтым и «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къулыкъум ягъэувын папщIэ къагъэлъагъуа кандидатурэхэм хэпльауэ икIи «Урысей Федерацэм и цIыхухэм Iэ иIэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №67-ФЗ-уэ 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьыдэкIам и 28-нэ статьям и 7-нэ пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм мазаем и 18-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIыIэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэху- кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон №1-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 8-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIу Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъур гъэувын.

2. Мы унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуегъэкъын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къытедзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и сайтым и «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Апсуваев Жамболэт Руслан и къуэр унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм щIышылэм и 17-м *Налшык къалэ* *№43/3-6*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм Iэ иIэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №67-ФЗ-уэ 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьыдэкIам и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм мазаем и 18-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Апсуваев Жамболэт Руслан и къуэр, 1985 гъэм къалъхуар, Iэщlагъэкlэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ, комиссэм хагъэхьэну щIыпIэ щIрагъэкlуэкIэ зэIущIэм кьыщагъэлъэгуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къытедзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сайтым и «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Ахматов Ильяс Хьэсэн и къуэр унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм щIышылэм и 17-м *Налшык къалэ* *№44/4-6*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм Iэ иIэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №67-ФЗ-уэ 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьыдэкIам и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм мазаем и 18-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

4. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Ахматов Ильяс Хьэсэн и къуэр, 1990 гъэм къалъхуар, Iэщlагъэкlэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, комиссэм хагъэхьэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправлением и Советым кьигъэлъэгуар.

5. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къытедзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сайтым и «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Джаппуев Тенгиз Магомед и къуэр унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм щIышылэм и 17-м *Налшык къалэ* *№44/5-6*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм Iэ иIэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №67-ФЗ-уэ 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьыдэкIам и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-уэ 2003 гъэм мазаем и 18-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьыдэкIам и 2-нэ статьям апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Унафэ къыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитыныгъэ иIэу Iуащхьэмахуэ хэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэн Джаппуев Тенгиз Магомед и къуэр, 1981 гъэм къалъхуар, зи Iэщlагъэкlэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, комиссэм хагъэхьэну «ЩIхьуантIэхэр» Урысей экологие партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ кьудамэм и совет тым кьигъэлъэгуар.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къытредзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сайтым и «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщl
ДЖЭШ Вячеслав
Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
ДЖАППУЕВ Муссэ

Дуней псом икъуэхьауэ щыпсэу адыгэхэм я гуныкъуэгуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ я адэжь щIыпIэ зэримысыжымрэ къыщIэхъуэ щIэблэм я анэдэлъхубзэр зэрафIэкIуэдымрэ. А Iуэхугуитiращ зэпхар лъэпкъыр адыгэ и цIэу дунейм къытеныну е «мыпхуэдэ лъэпкъыр щыIащ» къыхужаIэу тхыдэтхэм и гугъу ящIыжу фIэкIа и лъэпкъ къащIэхъуэ щымыIэжу хэкIуэдажыныр.

СытI ирехъуи, адыгэхэм тщыщ IыхьэфIэкIуэдагъ зэрыгъэкIуэдри дунэкIэ щытIыбгъу лъэхъэнэ дыхолсэуIтIри, абы дызэрыпсыдзэнэр, а Iуэхугъуэ мыщхьэпэр кьыззрыдгъэувыIэнум и Iэмалхэм дарилъыхьауэкIуэщи, хэкIыпIэ пычыкIахэр кьахуэдмыгъуэтри хъункъым. Гурыгъуэгъуэ зы цIыху закъуэм и гуащIэкIэ мыр зэрыпхуэзфIэмыхьанур, зы гупым и гукъыдэжкIи зэгъэзэхуа зэрымыхъунур. Лъэпкъыр хуеипхъуэ лъэпкъыу къызэтенэным. Хьерыр быным Iэрылъхьэ хуищIыну хущIэкъу адэ-анэр зэгупсысыр хэкъкъым, анэдэлъхубзэкъым, атIэ дэнэ щIыпIэ щыпсэуми и Iуэхур абдеж зэрыщызэфIыхьэнрэ а Iуэхур зэрыдзэкIын бзэрэ быным къыхуззгъэпэщыныращ. Адэ-анэр бгъэкъуанщэ хъущэну къыщIэкIынкъым абыкIэ, ауэ къыптохьэлъэ я адэжьхэм лъы нэпсым ирагъэфа хэкур апхуэдэу гупыкIыгъуэ дыдэ зэращIыпхрэ апхуэдизу ныбжь зиIэ анэдэлъхубзэр быным къызэрыжьадэтхъэмрэ. Апхуэдэу щыт пэми, догугъэ, долъэпIастхъэ. Дэ ттщыщ куэдым хэкумрэ бзэмрэ тынш дыдэу Iэщlыбэ щащIыкрIкIэ, зэтебла мыкъуауэ зыгуэрхэр щыIэу къыщIэкIынущи, ахэращ лъэныкъуэ едгъэзыну дызыкъущIэхьр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэрылажьэ хабзэм кьигъэувэ Iуэхугъуэхэм языхэзщ анэдэлъхубзэр зэхуэмныр, зыкъуэ щыт адыгэ тхыбзэ зэгъэзэщыныр. Анэдэлъхубзэр хъумэныкIэ кьудамэм хэтхэр дызэакъылъэгъуу ахэр фи пащхьэ кьитлъхьэнут. Хуабжьу дыщогуръ абыхэм жэуап пыухыкIа гуэр ягъуэтыну.

Псом япэ сызытепсэлъыхьынур зыиу щыт адыгэ тхыбзэр зэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэрщ. Мыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм пщэрыль зыщищIыжагъэххэу щытщ, гупсысэ пыухыкIарэ унафэ хэхарэ иIапхъэщ. Мы псалъэмакъыр куэдрэ щIэныгъэ зэрыпсэуIэ, зэрыпсэуIэ, зэрыдгъэзэжыну щыIэу къыщIэкIынщ. Апхуэдэу щытми, япэрауэ, зэхэдгъгъэзкI зыиу щыт адыгэ литературэбзэрэ зыиу щыт адыгэ тхыбзэрэ жьыхуэтIэ фIэщыгъэхэр. Тыри щIэныгъэм къыхэкIа псалъэщ, тIури техуэрабгъуу зрахьэлIэ щыIэщ.

Адыгэр дыкъапщтэмэ, дызэрэзэрзэджэжым теухуауи, дызэрыпсалъэ Iэмм ехьэлIауи, дыкъыщыхуауэ жыхуэтIэ хэкужьым и щIэкIи дызэакъылъэгъуу, дызэтохуэ: дыадэгъэ, жьаIуэ, дыадэгъэхубзэр адыгэбзэщ жьыдоIэ, ди адэжь лъахэр Адыгэ Хэкущ жьыдоIэ. Зэкъуэ здэщыIэм тIакъуи щыIэщ, жи адыгэ псалъэжьмыи. Дызытепсэлъыхьэр бзэрращи, адыгэбзэкIэ дызэджэн и кIэщlкIэ щхьэхуэныгъэ ящыщ. Адыгэбзэкъым ящыщ зыкъыщIэкIынкъым. Адыгэбзэр ящыщ зыкъыщIэкIынкъым. Адыгэбзэр ящыщ ящыщ. Адыгэбзэр ящыщ. Адыгэбзэр ящыщ. Адыгэбзэр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Къэралым и къэкІуэнум иропІейтей

● ЗэІущІэхэр

Илъэс зыбжанэм къриубыдэу Урысейм и экономикэм проценти 3-м щІигъуКІэ зиужьыфынущ, абы къыдэкІуэуи зыпэмыплъа зэхъуэкІыныгъэхэр иригъэкІуэкІын хуейкъым, щыдагъэ лъапІэми щІыщІигугъын щыІэкъым. Тхьэмахуэ блэкІам Мэзкуу щекІуэкІа форумым апхуэдэ Іуэху еплъыкІэхэр утыку къыщрахьащ Правительствэмрэ, Банк Нэхъыщхьэмрэ я къулыкъущІэхэм, финансхэмкІэ министру щыта, иджыпсту къэралым и экономикэ программэхэр зэхэгъэувэным телажъэ Кудрин Алексей сымэ.

Кудрин Алексей

Зыужьыныгъэ

«ЦІытыкІэ гугъум дихуащ. Ахэр зэпхар щІыдагъэм и уасэр зэрехам е санкцэхэм я закъуэкъым. Дэ хъыдгурыІуэн хуейщ нэхъыбэу щхьэусыгуэр къыщыттлыхъуапхэр ди къэрал кІуэцІрауэ зэрыщытыр», - жиІащ Стратегие зыужьныгъэхэмкІэ центрым и унафэщІ Кудрин Алексей.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, Урысейм и экономикэм и зыужьныгъэхэр тхыдэм къыщыщыхъуахэм нэхъри нэхъыкІэщ: «Совет Союзым и лъэхъэнэ нэхъ Іей дыдэхэм нэхъри нэхъыкІэщ».

«ДезыгъэфІэкІуэн зэхъуэкІыныгъэхэм зыхуэдунэтІын хуейщ», - дыщІигъужащ Кудриныи икІи къэрал зегъэкІуэкІэм къыщыщІэдзапхъэу къыхилъхьащ. Абы къыхэриІыытэмкІэ, зэхъуэкІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ 2019 гъэм ирихьэлІэу ВВП-м и зыужьныгъэр проценти 3-м щхьэдэхунущ, 2022-м хуэзэу ар проценти 4-м щІигъуфынущ.

ФинансхэмкІэ министру лэжьам къыхигъэщащ, экспортым зегъэужьныр экономикэр езыгъэфІэкІуэнухэм ящыщ зыиУ зэрыщытыр, пенсэ системэр зытета щытыкІэм къытенэжьыным мыхьэнэшхуэ зэриІэри.

Инвестицэхэр

«Процент 1-2-кІэ экономикэм зэрызиужьым зыри арэзы къыщыркъым. Ауэ абы хэхъуэн щхьэкІэ а зыужьныгъэр зэпІэзэрыту щытыпхъэщ», - къыхиГъэщащ экономикэ зыужьныгъэмкІэ министрыщІэ Орешкин Максим.

Апхуэдэу щыт пэтми, абы зэрыжиІэмкІэ, 2017 гъэм лъэпкъ экономикэм зэрыщыгугъэ процент 0,6-м нэхъри нэхъыбэкІэ зиІэтыжьынущ.

Ар щІэгъэпсынщІэн папщІэ, къыпищащ къулыкъущІэм, мылъку нэхъыбэ хэлъхьэн хуейщ, ауэ бизнесым и жыджэрагъыр мащІэщ экономикэр къиріпэтыжьыну.

«ВВП-м хуащІ инвестицэхэр иджыпсту процент 22-рэ мэхъу. Ар икъукІэ мащІэщ экономикэм и зыужьныгъэр иребгъэфэкІуэну», - жиІащ министрым.

Налогхэр

Орешкиным къыдэриІытэмкІэ, урысей унафэщІхэм налог системэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ зэуэ халъхьэну я мурадкъым - зэхъуэкІыныгъэр хуэм-хуэмурэщ зэрекІуэкІынур.

«Хэт и дежкІэ налог системэр нэхъ тынщ, гурыІуэгъуафІэ зэрыхъуну хуейр? Щэч хэмылъу, пэжу лажьэ хьэрычэтыщІэхэм папщІэщ», - кьагуригъэІуащ министрым.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, къулыкъущІэхэр телэжьнущ налог системэр инвестицэхэмрэ инновацэхэмрэ яхуэзІуха хъуным.

«ЦІухъзакъуэ цІыхухэм яхуэунэТа зэхъуэкІыныгъэхэр зэкІэ къаІэтыныкъым», - жиІащ Орешкиным.

Урысейм и тхыдэщІэ дыдэм и лъэхъэнэ нэхъ гугъуэхэм ящыщу щытауэ жыпІэ хъунущ илъэс блэкІар. Апхуэдэу щытми ущІэгушхуэн щхьэусыгъуэхэри щыІэщ - ди къэралым хуэгъэза санкцэхэмри, щыдагъэм и уасэр зэрымащІэми емылъытауэ лъэпкъ экономикэм, бизнесымрэ социальнэ унэтІыныгъэмрэ ефІэкІуэныгъэхэр яхыболъагъуэ, зэпІэзэрыт зэрыхъуам гу лъыботэ.

Социальнэ унэтІыныгъэмрэ медицинэмрэ

Хабзэ хъуауэ илъэс къэс екІуэкІ пресс-конференцу дыгъэгъаззм и 23-м зэхэтам Урысейм и Президент Путин Владимир къыщыхигъэщащ ди цІыхухэм я улахуэр мащІэми хуэмурэ зэрыхэхъуам, демографие щытыкІэр зэрефІакІуэм. Къэралым и Унафэщым зэрыжиІамкІэ, илъэс блэкІам сабий лІэныгъэр нэхъ мащІэ хъуащ, европей бжыгъэхэм я лъабжьэкІэ ехыу. Медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэхъуащ - 2016 гъэм урысей цІыху мин 900-м технологие нэхъыщхьэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтащ. Зэхуэбгъадэмэ, 2005 гъэм апхуэдэхэр зэрыхъур цІыху мин 60 къудейт.

УФ-м узыншагъэр хъумэныкмкІэ и министр Скворцовэ Вероникэ къихьа бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, 2016 гъэм ди цІыхухэм я гъащІэр ику иту илъэс 1,2-кІэ хэхъуащ, илъэс 72-м щІигъури. Къэралым и тхыдэм зэи къыщымыхъуа екъылІэныгъэщ ар.

2016 гъэм гуащІэдэкІым къыпыкІ хъерым хэхъуащ. ЛжьэпІэнэхэри нэхъ мащІэ хъуащ - иджыпсту апхуэдэхэр проценти 5,5-рэ мэхъу икІи ятепрей илъэсхэм нэхърэ нэхъ мащІэщ.

Экономикэ

Мы унэтІыныгъэм дагъуэ зыхуэпщІын сытым дежи щыщІэщ. Ауэ иужьрей илъэсхэм зэрыта щытыкІэ гугъур къэплъытэмэ, 2016 гъэм и кІэухым лъэпкъ экономикэм иІа щытыкІэр гугъэфІэхэр уэзыгъащІ. ІэщІагъэлІхэм я нэхъыбэм къыззэрылъытэмкІэ, кризисым и ІеипІэр блэкІащ икІи экономикэр зэпІэзэрыт хъужащ.

2016 гъэм къэралым и ВВП-м хэхъуащ. Илъэс блэкІам елъытауэ ар проценти 3-кІэ хэхъуащ икІи процент - 0,6-м нэблэгъащ. Инфляцэр проценти 6-м щІигъуакъым (2015 гъэм ар хуэдитІкІэ нэхъ лъагэт).

Путиным зэрыжиІамкІэ, ди къэралым мылькур хуэдитхуКІэ нэхъ мащІэ хъуащ, бюджетым и цыщІынгъэри зэрыхъуэжьр проценти 2,6-рэщ.

Лъэпкъ зэпІэзэрытыныгъэм и фондыр хъумауэ къызэтенащ. УФ-м и Правительствэм и Іэтащхьэ Цукерберг Марк, «Oracle»-м и унафэщІу щыта Эллисон Ларри, «Bloomberg» агентствэр зыІэщІэлъ Блумберг Майкл сымэ. Абыхэм псори зэхэту яІэщ доллар триллион 1,76-рэ.

Докладым нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэ хьэпсэмэти къыщыхоуц. КъэзэрабжамкІэ, дызыхуэхьІуэ илъэс 25-м къриубыдэу ятепрэ доллар триллионыбжэ къулейр къэунэхунущ. Абы щыгъуэми мы дунейм и дэтхэнэ епщІанэ щІыхуми зы махуэм доллариТІым зригъэкъун хуейщ.

Къулейхэмрэ хуэмыщІахэмрэ зэрызэпэщІэкІуэтыр къэгъуэбыІа хъун папщІэ экспертхэм къыхалъхьэ лэжьакІуэхэм я улахуэр къаІэтыну, нэхъ къулейхэм налог нэхъыбэ ирагъэтыну, мылькур хамэ щІыпІэхэм ирашыныр къыззтрагъэувыІэну.

ЗЫКОВЭ Татьянэ.
«Российская газета»

2016 гъэм и ехъулІэныгъэхэр

кур илъэс блэкІам хуабжьу хэхъуащ доллар мелард 400-м нэблагъэри.

Урысейм и банк куэдыр зэпІэзэрыт щытыкІэм ивэжащ - финанс Іуэхущ1ІэхэмкІэ хэхъуэу сом мелард 714-рэ ящІащ. 2015 гъэм елъытауэ ар хуэди 4-кІэ нэхъыбэщ.

Къэрал щІыб политикэ

2016 гъэм УФ-м Сирием щригъэкІуа Іуэхугъуэхэр ехъулІэныгъэу жыпІэ хъунущ - Алеппэрэ абы и Іэгъуэблагъэхэмрэ хуит къащІыжащ, илъэситхум щІигъуауэ террористхэм я шынагъэм щІэта мамыр цІыхухэр къегъэлъыным теухуа гуманитар операцэ ирагъэкІуэкІащ. ИГИЛ-м хэщІыныгъэшхуэ ираташ.

2016 гъэм Тыркум худиІэ зэпыщІэныгъэхэр зэфІэуІуэжащ. Урысейм и лІыкІуэ Карловым дыгъэгъаззм зэрауКІам емылъытауэ, къэралитІми я унафэщІхэм зэдзэлэжьныгъэр зэпагъэуну я мурадкъым.

Илъэс блэкІам кІэрикІуэхэм ящыщщ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм худиІэ зэпыщІэныгъэхэрефІэкІуэнымкІэ гугъэ уэзыгъэщІу Унэ Хужьым и администрацэр зэрахъуэжьмыр. США-и президенту хаха Трамп Дональди Путин Владимири зыбжанэрэ жаІащ къэралгъуитІым я зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэным зэритлъхьэр.

Гу лъымытэу къанэркъым Европэм игъуэта политикэ зэхъуэкІныгъэхэми. Къапщтэмэ, Урысейм къыхуэдзэлашэ политик куэдыр я къулыкъуэхэм текІащ (Меркель Ангелэ фІэкІа къэмынэу). Болгариемрэ Молдавиемрэ зэхэныгъэхэм Урысейм къыхуэфІ къаурхэр щытекІуащ. Франджым праймерым пашэ щыхъуащ санкцэхэр Іухьжыным щІэбэн Фийон Франсуа. Къыхэзгъэщыпхъэщи, Урысейм санкцэхэр техьжыным теухуауэ жыджэру утыку къихьащ къухьэпІэ къэралыгъуэхэм я щІыналъэ парламентхэр, бизнесым и лІыкІуэхэр. Абыхэм гугъэфІхэр уагъэщІ.

Япониием и премьер-министр Абэ Синдзо дригъэкІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэм иужькІэ Путин Владимир жиІам тепщІыхьмэ, 2016 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу къэралхэм Іэмал ягъуэтащ я зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэну.

Промышленность, мэкъумэш хозяйствэмрэ энергетикэмрэ

2016 гъэм Кърымым кІуэцІрашащ энерголъэмыж. Апхуэдэу Урысейм и Президентым къызэІуихащ «Краснодар край - Кърым» газ зэрыкІуэ бжьамийр. Абы и фІыгъэкІэ хэтІыгу ныкъуэр «гъэсыныпхъэ щхьэантІэкІэ» къанэ щымыІэу зэпэщ хъуащ.

Илъэс блэкІам ирагъэжьащ къэралым щынэхъ лъэщ дыдэ Воронеж атом станцым и 6-нэ энергоблок ВВЭР-1200-р, нейтрон пэщІэкІэ лажьэ БН-800 Белоярск АЭС-м и 4-нэ энергоблокыр.

Гулъытэншэу къэнакъым лъэпкъ кхъухьщІапІэхэри. Къэбгъэлъэгъуэмэ, 2016 гъэм псым трагъэхьащ дуней псом щынэхъ лъэщ «Арктика» атом мылкъутэр, Дзэ Тенджьыз флотым и «Илья Муромец» мылкъутэр, нэгъуэщІ кхъухьышхуэ зыбжанэ.

Агропромышленнэ комплексым къыщІигъэкІхэр экспортым гъэкІуэным 2016 гъэм зыужьныгъэшхуэ дыдэ игъуэтащ. Илъэс блэкІам ар доллар мелард 16-м нэблэгъащ, Іэщэ экспортым ефІэкІри.

2016 гъэм къэралым къыщалэжьащ иджырей Урысейм къыщымыхъуауэ гъавэшхуэ - гуэдзхэкІ тонн мелуани 118-рэ. Абы къищынэмыщІауэ, мэкъумэш хозяйствэм и хэхъуэр процентти 3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Ар куэду къыпщыхъуркъым, ауэ иужьрей илъэсхэм экономикэм и щытыкІэ гугъур къэплъытэмэ - ар ехъулІэныгъэщ.

Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым хамэ хэкъралхэм щащІ хьэпшыпхэм япэкІуэн гъэхьэзырыным кърикІуа фІыгъуэхэри. Абы ипкъ иткІэ импортыр проценти 10-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ икІи процент 39-м къыщыхэтеувыІащ. А щытыкІэм и фІыгъэкІэ химие, промышленность псынщІэм, лъэпкъ фармацевтикэм зыужьныгъэшхуэ яГуэтащ (урысей рынокым и процент 70-р иубыдащ).

Хьэршым и технологиехэр

Илъэс кІуам лэжьэн щІидзащ «Восточный» космодромым, Иркутск областым щаутІыпщащ хьэршым и объектхэм щыкІэлъыплъ центрыр. Абы хэту мэлажьэ «Воронеж-М» радиолокацэ системэр, «Окно» оптика-электрон комплексыр, С-400 «Триумф» зенит-ракетэ комплексыр.

«Энергомаш» завод ІэрыІуэм 2016 гъэм къыщІигъэкІащ ракетэ двигатель 19 (ипэ илъэсым нэхъ р 3-кІэ нэхъыбэ). Абыхэм ящыщхэр экспортым, США-ри яхэту, хуауТІыпщынущ.

Іулъхьэм ебэнын

«Мыбы гу лъыбзэгъэтэну сыхуейщ. Коррупцэм ебэныныр - ар театркъым. Абы жэуапплныгъэ нэгъэса, пэжыгъэ пхэлъу уБгъэдыхьэмэщ екъулІэныгъэ ущІэнур, цІыхубэм щІэгъэкъуэн щигъуэтынур», - къыхигъащащ Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъэзам.

Пэж дыдэу, екъулІэныгъэхэри щыІэщ - 2016 гъэм уголовнэ Іуэхуэхэр къаІэтащ экономикэ зыужьныгъэмкІэ министр Улюкаев Алексей, Киров областым и губернатор Белых Никитэ, щыналъэ лъэпкъыщІэ куэдым, хабзэхъуэмэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм ехьэлІаях.

Экологие

2017 гъэр Экологием и илъэсу Урысейм щагъэуващ. Ауэ 2016 гъэми федеральнэ, щыналъэ унафэщІхэм лжьыбгъэшхуэ зэфІахащ мэзыр хъумэным, ар зэфІэгъэувэжьыным теухуауэ. Мэз кІэрауплыкІахэм я пІэкІэ жыгыщІэ гектар мин 780-м щІигъу хасэжащ.

Къэрал Думэм унафэ зыбжанэ къыщащтащ мэзыр хъумэным, къалэщхэхэм и хьэрегъэкІэ «мэІуху удыдфхэр» къыщызэгъэпэщыным, хъумэным, мэзыр бэдэнэду зыІыгъэхэм я лэжьэкІэр зыубзыху Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ.

БАКЛАНОВ Егор.
Ruposters.ru

Иджыблагъэ екІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Урысейм и гъуэгухэм я щытыкІэм дуней псом 123-нэ увыпІэр щиІыгъщ 140-м ящыщу.

ЖЭУАП зыхь унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, ди гъуэгухэр щІэмихьэнэншэр абыхэм хуэфащэн мылъку къэралым къызэрыхуимыытІыпщырщ. Ауэ къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, асфальтым сом мелардхэр щІрагъэубыдэ. Сыт-тІэ ди гъуэгухэр тэмэму щытыным зэран хуэхъур?

Имаевэ Мидз, гъуэгухэм я шынагъуэншагъэмкІэ инженер:

- ЩхьэусыгуэР зэпхар дунейм и щытыкІэракъым, унафащІ куэдым ар тельхьэпІэ ящІ пэтми: уэсым, уэшхым, температурэ зыхьхъуэжьым асфальтыр Іисраф ящІ. Ди дежкІэ ар хабзэ щыхьуауэ аращ - нэхъыбэ зэхэбдыгъуэну икІи гъуэгур нэхъ псынщІэу Іей хъужьын хуэдэу зэбгъэзэхуэжьыну. ИкІи аГхуэдэхэм зы тезыри тралъхьэркъым.

Си Іэщ1агъэм къыхэкІІэ сэ фІы дыдэу сыщыгъуэзэщ гъуэгу тэмэмыр зэрыщытын хуейм. Пшахъуэ къудейуэ абы тельпэпхъэщ гъуэгу тэмэмыр 12 мынэхъ мащІэ, мывэкІэщхъуэу сантиметр 12 мынэхъ мащІэ, мывэкІэщхъуэ сантиметр 6, асфальтыр Іушэ мыхъун щхьэкІэ сеткэ хэха халъхьэ. А псоми текІуэдэн мылъку къэралым къеуТІыпщ, ауэ лэжьыгъэм нэмыс щІыкІэ и ныкъуэр мэкІуэд. Абыхэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ яІэщ.

Ябп щхьэусыгъуэр - къэрал контрактхэм я зэхэзублэкІэрщ. Лэжьыгъэр игъэзэщІэну дзыхь ирагъэз ар нэхъ пуду зэфІэзэныгъэкІыну къэзыгъэгугъэм. Нэхъыбэм ар лэжьакІуи техники зимыІэ Іуэхущ1апІэщ, абы сыт хуэдизкІи уасэм кІэригъэхуфынущ, ауэ лэжьыгъэр тэмэму игъэзэщІэнукъым. Абы къыхэкІкІэ псори къызыхуэнэжьыр дэращ, ДРСУ-рщ, ауэ куэдкІэ нэхъ пуду икІи зэрыгуфІуэгъуэщи, фІагъым ущІытепсэлъэхьхьын щыІэкъым. Апхуэдэ гъуэгур зэрытелъынур ябп къэпщытакІуэхэр къэкІуэхукІащ е зы трактор ирикІуэхукІэщ.

ЕтІуанэ щхьэусыгъуэр - зэхадыгъуэ. Пшахъуэмрэ мывэкІэщхъымрэ машинэ-машинэурэ лъэныкъуэкІэ йокІуэкІ. Илъэс пщІы бжыгъэкІэ я щэнтхьейхэм иц унафэщІхэм мывэкІэщхъыр хуэныкъуэ гуэрым хуаутІыпщ. КІэлъыплъаКІуэхэм зыри я мыхьэнэкъым: «Псори тэмэмщ, гъуэгурэр фІы дыдэщ». Ауэ щытыкІэм зыкІи зихъуэжакъым.

ЩытыкІэр зэпІэзэрыт пхъэщІыжьыну? ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ар зыкІи къафІэІуэхукъым, абыхэм я жэуапыр зыщ: «Псори тэмэмщ, кхьифщыхъуауэ аращ». Ауэ абыхэм яхуэзфІэкІынут гъуэгуэхэр пэж дыдэу зэрыщытпхъэм трагъэтыну, Іуэхущ1апІэхэм дыгъуэн щагъэту лэжьыгъэр нэгъэсауэ ирагъэзэщІэну. АрщхьэкІэ дэ сытым дежи а зы уэрам щхьэхуэхэр дощІыж, цІыхубэм «ГъуэгукІэ уэзджэнур - ар урикІуэну здэбгъэтІа лъэныкъуэрщ» псалъэ щэрыуэхэр зэхалъхьэ. Тэмэмщ, дэ гъуэгум елэжьхэм апхуэдэ псалъэхэр ди гум екэлІэжьыркъым: сыт пэжым щхьэкІэ зыщІэбгъэгъэсэнур?

ЗОРЬКИНЭ Анастасие.
«Аргументы и факты»

Сом мелардхэр асфальтым щІрагъэубыдэ

● Гъуэгу

● Мылъку

Къулейхэмрэ зыхуэзфІэмыкІхэмрэ

Дунейм и нэхъ къулей дыдэу 8-м нІэщІэлъщ. ЩІы хъурейм щыпсэуи и ныкъуэм ябгъэдэлъ мылъкум хуэдиз.

НЭГЪАБЭ къулейхэр нэхъ къулеиж, зыхуэзфІэмыкІхэр нэхъ тхьэмыщкІэж хъуащ. Абы и щыхьэтщ Давосым щызэхэта Дунейпсо экономикэ форумым «Oxfam» агентствэм хуигъэхьэзыра докладыр. ИрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрыхэщымкІэ, къулей дыдэхэм я бжыгъэм хэщІми, ІэщІэлъ мылъкум хэхъуэ зэпытщ. Къапщтэмэ, дунейм цІыхуу тетым и Іыхьэ ныкъуэм яІэ мылъкум хуэдиз зыбгъэдэлъ къулейхэр 2010 гъэм цІыху 388-рэ хъууэ щытамэ, иджы ар 8-м зыІэщІаубыдащ.

«Oxfam» агентствэм къребжькІ нэхъ къулей дыдэхэр. Абыхэм я деж бжьыпэр щиІыгъщ «Microsoft» фирмэр къызэзыгъэпэща икІи зыгъэлажьэ Гейтс Билл. АдэкІэ къыкІэльокІуэ «Inditex»-м и президенту щыта Ортегэ Амансио, америкэ инвестор, илъэс 90 зи ныбжь Баффет Уоррен, мексикэ хьэрычэтыщІэ Слим Карлос, «Amazon.com»-р къэзыгупсыса Безос Джефф, «Facebook»-р зэхэзыльхьа икІи и Іэтащхьэ Цукерберг Марк, «Oracle»-м и унафэщІу щыта Эллисон Ларри, «Bloomberg» агентствэр зыІэщІэлъ Блумберг Майкл сымэ. Абыхэм псори зэхэту яІэщ доллар триллион 1,76-рэ.

Докладым нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэ хьэпсэмэти къыщыхоуц. КъэзэрабжамкІэ, дызыхуэхьІуэ илъэс 25-м къриубыдэу ятепрэ доллар триллионыбжэ къулейр къэунэхунущ. Абы щыгъуэми мы дунейм и дэтхэнэ епщІанэ щІыхуми зы махуэм доллариТІым зригъэкъун хуейщ.

Къулейхэмрэ хуэмыщІахэмрэ зэрызэпэщІэкІуэтыр къэгъэувыІа хъун папщІэ экспертхэм къыхалъхьэ лэжьакІуэхэм я улахуэр къаІэтыну, нэхъ къулейхэм налог нэхъыбэ ирагъэтыну, мылькур хамэ щІыпІэхэм ирашыныр къыззтрагъэувыІэну.

ЗЫКОВЭ Татьянэ.
«Российская газета»

Обамэ и тетыгъуэр нэпскІэ еух

● США

Пщэдей щыщІэдзауэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм президентыщІэ яІэнущ. Абы ипэкІэ тета Обамэ Барак и телъхьэхэм иджыблагъэ сэлам ярихьажащ.

США-м и президенту щыту Обамэ Барак Чикагэ къалэм иужьу къыщІипсэльащ. Абы къыщыхигъэщащ зэрытета ипэсий пІалъэм кърубыдэу хуэзфІэкІахэмрэ къьмыхъуІлаХэмрэ, и нэпсхэр къыззпижьыхьауэ фІыщІэ яхуищІащ и къалэнхэр щигъэзащІэм сыт и лъэныкъуэкІи къыдэІэпыкъуа и щхьэгъусэмрэ бынхэмрэ. Къыщыгъупщакъым Урысейм техъуЦІыхьыныри, ар дунейпсо бзаджэу къиІьэтэу.

Обамэ и иужьрей къэпсэлъапІэр зэрымыщІэкІэ къыхихакъым: Чикагэщ ар и политикэ гъэзугуанэм щытеувар. ЗэІущІэм хэт хуейми щІыхьэфащ. Къызэхуэсахэр Іэгуауэ кІыхькІэ президентым Іущ1ащ икІи зыкъомрэ зэфІэтащ. ИужькІэ «иджыри - илъэсиплІкІэ!» зэдэуэу жаІэу хуежьащ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президентым и къэпсэлъэныгъэм зэ закъуэщ ди къэралыр къызэрыщыхъащар. «Ди нэкъуэкъуэгъуэхэр, Урысейм и Китаймрэ хуэдэхэр, ди зэфІэкІхэм зэи лъэІэсыфынукъым, ди фІэщхъуныгъэхэм депцІыжрэ зы гъунэгъу цІыкІухэр зэзыпмыхъуауэ гъавэшхуэ - гуэдзхэкІ тонн мелуани 118-рэ. Абы къищынэмыщІауэ, мэкъумэш хозяйствэм и хэхъуэр процентти 3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Ар куэду къыпщыхъуркъым, ауэ иужьрей илъэсхэм экономикэм и щытыкІэ гугъур къэплъытэмэ - ар ехъулІэныгъэщ.

Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым хамэ хэкъралхэм щащІ хьэпшыпхэм япэкІуэн гъэхьэзырыным кърикІуа фІыгъуэхэри. Абы ипкъ иткІэ импортыр проценти 10-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ икІи процент 39-м къыщыхэтеувыІащ. А щытыкІэм и фІыгъэкІэ химие, промышленность псынщІэм, лъэпкъ фармацевтикэм зыужьныгъэшхуэ яГуэтащ (урысей рынокым и процент 70-р иубыдащ).

Хьэршым и технологиехэр

Илъэс кІуам лэжьэн щІидзащ «Восточный» космодромым, Иркутск областым щаутІыпщащ хьэршым и объектхэм щыкІэлъыплъ центрыр. Абы хэту мэлажьэ «Воронеж-М» радиолокацэ системэр, «Окно» оптика-электрон комплексыр, С-400 «Триумф» зенит-ракетэ комплексыр.

«Энергомаш» завод ІэрыІуэм 2016 гъэм къыщІигъэкІащ ракетэ двигатель 19 (ипэ илъэсым нэхъ р 3-кІэ нэхъыбэ). Абыхэм ящыщхэр экспортым, США-ри яхэту, хуауТІыпщынущ.

Іулъхьэм ебэнын

«Мыбы гу лъыбзэгъэтэну сыхуейщ. Коррупцэм ебэныныр - ар театркъым. Абы жэуапплныгъэ нэгъэса, пэжыгъэ пхэлъу уБгъэдыхьэмэщ екъулІэныгъэ ущІэнур, цІыхубэм щІэгъэкъуэн щигъуэтынур», - къыхигъащащ Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъэзам.

Пэж дыдэу, екъулІэныгъэхэри щыІэщ - 2016 гъэм уголовнэ Іуэхуэхэр къаІэтащ экономикэ зыужьныгъэмкІэ министр Улюкаев Алексей, Киров областым и губернатор Белых Никитэ, щыналъэ лъэпкъыщІэ куэдым, хабзэхъуэмэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм ехьэлІаях.

Экологие

2017 гъэр Экологием и илъэсу Урысейм щагъэуващ. Ауэ 2016 гъэми федеральнэ, щыналъэ унафэщІхэм лжьыбгъэшхуэ зэфІахащ мэзыр хъумэным, ар зэфІэгъэувэжьыным теухуауэ. Мэз кІэрауплыкІахэм я пІэкІэ жыгыщІэ гектар мин 780-м щІигъу хасэжащ.

Къэрал Думэм унафэ зыбжанэ къыщащтащ мэзыр хъумэным, къалэщхэхэм и хьэрегъэкІэ «мэІуху удыдфхэр» къыщызэгъэпэщыным, хъумэным, мэзыр бэдэнэду зыІыгъэхэм я лэжьакІэр зыубзыху Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ.

БАКЛАНОВ Егор.
Ruposters.ru

● Ингуш

Ухуэныгъэр яухын папщІэ

Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Юнус-Бэчэрэ Урысей Федерацэм спортымкІэ и министр Колобков Павелрэ иджыблагъэ зэІущІащ.

ИНГУШЫМ и унафэщІыр щІэлъэІуащ республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ спорт уухуэныгъэр зэфІэгъэувэныныкІэ щІэгъэкъуэн къахуэхъуну. Къ и щ ы н э м ы щ І а у э , егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэкІэ щрагъэІэкІыну Іэмал иІэн папщІэ икІэщІапІэкІэ зэгъэпэщыжьын хуейщ «Мужичи» спорт зыгъэсапІэ центрыр.

Евкуров Юнус-Бэч СпортымкІэ министерствэм елъэІуащ Ингушым щылажьэ олимп резервым и школхэр спортсменхэр щагъэхьэзыр Іуэхущ1апІэхэм хагъэхьну.

КъищынэмыщІауэ, зэІущІэм щытепсэлъыхьащ мылъку куэд зытемыкІуадэ физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексипщІ республикэм щахуэхуэнкІи. Абы и фІыгъэкІэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыхуэзыгъасэ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я бжыгъэм хэхъуэнущ.

Колобков Павел драгъэкІуэкІа зэпсэлъэныгъэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытащ Нэрран къалэм дащІыхь Спортым и уардэ унэм и ууэныгъэр нагъэсын папщІэ къэралым мылъку къахуиутІыпщыныр. Ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щынэхъ ин дыдэу щытынущ.

МИЛОВЭ Ольгэ.
sevkavportal.ru

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ**.

КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр илъэс 50 ирокъу

● Пшыхьхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетыр къызэрызэІуахрэ илъэс 50 зэрырикъум теухуа махуэшхуэ концерт иджыблагъэ екІуэкІащ. Абы щагъэлъэпІащ цІыху гъащІэр къегъэлыным хуэлажьэ дохутырхэр гъэхьэзырыным зи гуащІэ хэзылъхьа егъэджакІуэхэр, а Іэщіагъэр къыхэзыха студентхэр.

ЗЭІУЩІЭ гуапэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, республикэм и Парламентым социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщі **Къэжэр Хъусен**, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Расторгуевэ Светланэ**, КъБР-м щэнхабэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Тау Ритэ**, КъБР-м еГъэджэнымгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Султіан**, КъБР-м и профсоюзхэм я федерацэм и унафэщі **Амщокъуэ ФатІимэт**, фІэкІыпІэнші медицинэ страхованэмкІэ фондым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Къуэжей Рустам**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Ульбашев Ислъам**, Ставрополь къэрал медицинэ университетым и проректор **Амлаев Карен**.

Мусуков Алий зэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и Іэтащхьэм къыбгъдэкІыу КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и лэжьакІуэхэм хъуэхъуКІэ захуигъэзащ икІи къыхихигъэщащ дохутырыр зэрымыІэщІагъэ къудейр, атІэ абы къхъыхуигъэщІауэ зэрыщытын хуейр.

- КъБКъУ-м и медицинэ факультетым узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и унэтІыныгъэ псори къызэщІиубыдэу нобэ кафедрэ 17 зэриІэр си гуапэ мэхъу, - жиІащ Мусуковым.

Медицинэ факультетым адэкІи зегъэужькыныр мы зэманым япэ ирагъэщ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытар жиІащ университетым и ректор **Альтуд Юрий** икІи къыхигъэщащ дэтхэнэ зы студентми и зэфІэкІкІэ къыщыдгъэхъуихыфын хуэдэу щытыкІэфІхэр къыхуэзгъэпэщынкІэ зэрызыхуагъэувыжар.

- Медицинэ факультетым и лэжьыгъэ студентхэм иджырей зэманым декІу щІэныгъэ зэрыратыным хуэдэу гъэпсащ. Абы и лэжьакІуэхэм дунейпсо медицинэ щІэныгъэм хэлъхьэныгъэфІэхэр хуащІ, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Расторгуевэ Светланэ.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и деканэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Мизиев Исмэхьил** тепсэльыхьащ я къудамэр зэрызэфІэувам. Абы жиІаХэм къызэрыхэщамкІэ, факультетым и егъэджакІуэхэм я процент 95-р ешхи иригъэджащ.

- КъБКъУ-м и медфакым щеджахэр ехъулІэныгъэхэр яІэу ди республикэм и мызакъуэуи, нэгъуэщІ щІыналъэхэми щолажьэ, - жиІащ Мизиевым. - Ди лэжьыгъэм адэкІи зедгъэужьыну зыхуэдгъуэважа мурадхэм ящыщщ университетым ядернэ медицинэмкІэ центр къыщызэІутхыныр. Хъыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр къэхутэнымкІэ, гъэхъужьыныкІэ ар нобэ дызыхуэныкъуэ икІи щІэупщІэ зиІэ унэтІныгъэхэм ящыщщ.

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур университетым и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэ купщІафІэ зэрырагъэкІыжыкІэ икІи тыгъэ яхуищІащ туе жыгыщІэ цІыкІуэр.

Медицинэ факультетым и лэжьакІуэ нэхъыфІхэр щІыхь, фІыщІэ тхыльхэмкІэ яГъэпэжащ.

Пшыхьым кърихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ КъБКъУ-м и «Амикс», «Каллисто», «КІафэ» гупхэм.

ДОЛ Иннэ.

Макъ щІэщыгъуэ зиІэ

● Гъэзэгу къежьапІэ

Макъамэри къафэри зи псэм хэлъ, республикэ, урысейпсо, дунейпсо фестивалхэм я лауреат, оперэ, эстрадэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, бас-баритон лъэщ Молэ Артур ящыщщ республикэм исхэм гукъэджрэ гъэсэгъуэрэ езыт, щэнхабэзмрэ гъуэзджэмрэ хэлъхьэныгъэфІэхэр хуэзыщІ артистхэм.

МОСКВА щылажьэ ди хэкуэгъу Молэ Артур, хабзэ зэрыхьуауэ, иужьрей илъэсхэм Налшык къэкІуэжурэ концертхэр щет. Нэхъапэми хуэдэу, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм иджыблагъэ къыщыдгъэпэщащ «Сыщалъхуа си Хэку» и щхьэзакъуэ концертыр къехъулІащ, цІыхухэм хуабжьу ягу дыхьащ. Абы и программэм адыгэ цІыхубз уэрэдхэр классикэ макъамэхэри зигъэхьащ. Пшыхьым щыжиІащ и уэрэдыщІэ зыбжанэ. Ар ягъэдэхащ абы иригъэблагъэ и лэжьыгъэхэмрэ ныбжьыгъэхэмрэ. Апхуэдэхащ Хьэкъуп Оксанэ, Зеущэ Іэуес, Алиевэ Айнэ, Щоджэнцыкіу Аслъэн, Ташло Алий, Насып Дианэ, Дым Елдар, Бий Аслъэн, «Джэгуакіуэ», «Кавказым и щІалэгъуалэ» ансамблхэр. Москва щыпсэу икІи щылажьэ ди хэкуэгъу уэрэджьыІакІуэм Іэзэфхэ зэрилъэм аргуэру щыхьэт техъуауэ пшыхьыр.

Молэ Артур псэкІэ къыхиха уэрэд жыІэным зэрыхэупэжым гу лъыботэ. Ар и щыхьэтщ и цІэр ди республикэм, гъунэгъу щыналъэхэм къыдэкІуэу Москва, Санкт-Петербург зэрыщыІум. Дапщэщи хуэдэу, Іэмал къыщыкъуэкІкІэ, Артур псапащІэ Іуэхуэхэми жыдэжру хэтщ. Къапштэмэ, Сирием щекІуэкІ зауэм и мафІэ лыгъейм зи щхьэ къыхэзыхыу къэІэпхъуэжа ди лъэпкъэгъуэм папщІэ мы гъэм Черкесск къыщызэрагъэпэща концертым и гуапэу и зэфІэкІ хилъхьащ. Дапэкіи апхуэдэхэм пищэну и мурадщ. Мы илъэсым Молэ Артур къехъулІахэм я гугъу щыпщІкІэ, къыхэгъэщыпхъэщ, метр 5642-рэ зи лъагагъ Іуащьхэмэхуэ дзкІыу куэдым фІыуэ ялъагъу «Андемыркъан» адыгэ цІыхубз уэрэдыжьыр абы и щыгум зэрыщыжиІар.

Театр лэжьыгъэми и зэфІэкІ щеплъыжащ икІи хэзэгъащ Молэр. Владикавказ Оперэмрэ балетымкІэ дэт театрым пІалъэкІэ щылэжьащ. А Іэнатіэм щыпэрыта зэманым и щІэныгъэм хигъэхъуэну, и Іэщіагъэм зригъэжьыным ехьэлІауэ иІа мурадхэр къехъулІащ. Театрым солист пашэу зэрыщыІа илъэситІым куэд зригъэхъулІащ, концерт кІэщІхэр щитащ, партиешхуэ зыбжанэ игъэзэщІащ, классикэ лэжьыгъэхэр и репертуарым хигъахьащ. Апхуэдэхэщ Верди Джузеппе и «Травиата» оперэм щыщ Жермон и ариер, Верди и «Трубадур» оперэм хыхьэ Фернандэ и партиер, Молчанов Кирилл и «А зори здесь тихие», Чайковский Пётр и «Иолантэ» оперэхэр, нэгъуэщІхэри. Нэхъ гугъу дыдэу япэу игъэзэщІар Доницетти Гаэтано и «Колокольчик» оперэм щыщ Энрикио и партиерщ. Ахэр классикэ лэжьыгъэ нэхъыфІхэм ящыщу къалъытэ. КъищынэмыщІауэ, спектакль оперэ, оперетті куэд щагъэувы, Урысейм и нэгъуэщІ кьалэхэм, хамэ къэралхэм къикІа артистхэр здэщыІа а театрым щапхъэ зытрихьи, зыдэплъеин куэд зэрыщыІари къыхуэщъэпащ.

Макъ щІэщыгъуэ зиІэ, адыгэ Іуэрыіуатэм и гъэзэджэ, щэнхабзэ хуэфащІ ыгъуэу ялъытэ, тхыдэм къыхэна ди цІыхубз уэрэдыжьхэри классикэ макъамэхэри фІыуэ къызэхъуІэ, ахэр цІыхубэм ягу дыхьэу зыгъэзащІэ, зэпымыууэ зи зэфІэкІыпмрэ щІэныгъэмрэ хэзыгъахъуэ, щІэхэм тегушхуэ, ипэкІэ кІуатэ Молэ Артур дызытехьа Илъэсыщ Іэр хуэгъгурлыну, и гъэхъэпІэхэр къехъулІэну ди гуапэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Фэеплъ

Зи гъащІэр цІыхухэм тыхь яхуэзыщІа Джэрыджэ Розэ

Джэрыджэр пщыдджыжьым щыщІэдзауэ пщыхьэщхьэр хэкІуэтэку лэжьапІэм щыІэт, зэрыхуэзфІэкІкІэ цІыхухэм ядэІэпыкъуу. Бгъэдэлъ щІэныгъэкуэм и фІыгъэкІэ абы лъыхъуэфэр зыхуэдэр тэмэму къихутэрти, екъулІэныгъэ иІэу операцэхэр иригъэкІуэкІырт. Я гъащІэм иухыгъуэм и пІалъэр къэсауэ къызыщыхъужьхэм зэрыхъужьныжьмкІэ гугъэхэр яхилъхьэжащ. Абы хуэфІэкІащ цІыху куэд къызэрфІигъэувэжьын - иджырей Іэзэкіэхэм Іэмал хуэчат лышхыр бгъэхъужьыну.

Онкологие узыфэр и чэзум къэхутэным Розэ гулъытэшхуэ хуищІырт, абы къыхэкІыу цІыхухэр сытым дежи къыхуриджэрт я узыншагъэр къапщытэну.

Республикэ онкологие диспансерым и тхыдэр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ Джэрыджэ Розэ. Абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Узыншагъэр хъумэнымкІэ я министерствэхэм, республикэм и жылагъуэ зэгухэзныгъэ куэдым я щІыхь тхыльхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран», «Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и отличник» дамытыжьэкэр. Ауэ нэхъ тыгъэ льапІэу абы иІар сымаджэхэм къыхуаІэ лъагэныгъэрт, пщІэрт, фІыщІэрт.

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм дежкІэ хэщІныгъэшхуэщ Джэрыджэ Розэ нобэ зэрытхэмытыжыр. Онкологие диспансерым фІэкІуэдащ зи Іэщіагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ дохутыр куэдей мыхъуу, цІыхугъэшхуэ зыхэлъ бзылъхугъэ тельыджэ. И лэжьыгъэхэми ар зэІэзахэми зи Іэнатіэм псэ хьэлэлкІэ пэрыта цІыхум и щапхъэу абы и фэеплъ нэхур я гум щахьыманэщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Онкологие диспансерым и лэжьакІуэхэр.

● КъБР-м и МВД-м къет

ПцІым фІым ухуишэркъым

Республикэ МВД-м я щхьэ щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкІэ и Іэнатіэм щагъэхьэзыра дэфтэрхэмкІэ гъэзэгу плъыр къулыкъум и лэжьакІуэм теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

КЪЫЗЭРЫЩІЭКІЫМКІЭ, полицейм страховой ахъшэ къыІихын мурадкІэ, транспорт зэжьэхэуэ дэфтэр нэпці игъэхьэзыращ.

КъБР-м щыІэ МВД-м я щхьэ щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ а гъэпцІагъэр. Абыхэм зэраубзыхуамкІэ, Урысей МВД-м Шэрэдж районымкІэ и къудамэм и ГИБДД-м и ДПС-м и инспекторым 2016 гъэм и бадзэуэгъуэм къулыкъур ирихьэкІыу, ГАЗ-3307, «Мерседес» автомашинэ зэжьэхэуэ дэфтэр нэпцІхэр игъэхьэзыращ.

Дэфтэр нэпцІхэр - транспорт зэжьэхэуэм (ДТП) теухуа справкэмрэ ар къыщыхуэщІ щІыпІэм и схемэмрэ - иномаркэм и шоферым страховой компанием Іэригъэхьащ ахъшэ къратын папщІэ.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм ДПС-м и инспекторым теухуа уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 292-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ икІи абы тезыр къыпоплъэ, ильэситІкІэ ягъэтІысынкІи мэхъу.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ КъБР-м щыІэ министерствэм и пресс-Іуэхуэщапіэ.

● Зыгъэпсэхупіэхэр

Ущыпсэур гъэдахэ

Ди республикэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм зрагъэужьынущ.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, зэман гъунэгъум къриубыдэу зэфІахыну Іуэхуэхэм ящыщщ санаторэ-курорт къалэу Налшык дяпэкІи зезыгъэужьынухэр. Къапщтэмэ, псы хущхъуэхэм я къыщІэжьпІэхэр зэрагъэпэщыжьнущ, жьы хьуа бжьамийхэр зэрахъуэкІынущ. Я мурадщ «Зэнит-2» автотурист зыгъэпсэхупІэ зэгуэт зэрагъэувэну. КъызэралъытэмкІэ, мыбы хуэдэ Урысей псом щыІэнукъым. Езыхэм я автомашинэхэмкІэ зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм абы Іуэхутхьабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щагъуэтынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Аруан щІыналъэ

Ухуэныгъэщ Іэхэм къахохъуэ

Еджакіуэу 825-рэ зыщІэхуэн курыт школым и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

МЫПХУЭДЭ ухуэныгъэхэм я фІыгъэкІэ илъэси 3-7 ныбжьым ит цІыкІуэхэр къанэ щымыІэу сабий садхэмрэ пэщІэдзэ классхэм щыхуагъэхьэзыр Іуэхущапіэхэмкіэ къызэгъэпэща хуэащ. Зи школ кІуэгъуэ нэмысахэм щадэлажьэ ефедэрэ Шытхъэлэ къыщызэІуахащ. Абы сабий 50-м пэщІэдзэ щІэныгъэ щратыну Іэмал яГэгъэтащ. Апхуэдэу хъарзынэу елэжьыжащ Псыгуэнсу дэт спорт Іуэхущапіэмэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и МВД-м къет

«Спартак-Налшыкыр» къызэхуосыж

● Футбол

Мазэрэ ныкъуэкІэ загъэпсэхуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр мэрем кІуам къызэхуэсыжащ.

ЗЭРАХАБЗЭУ, япэщІыкІэ я узыншагъэр къапщытащ. АбыкІэ псоми я Іуэхур тэмэму къыщІэкІащ. ИужькІэ зыгъэсэныгъэхэм щІадзащ. Япэр щрагъэкІуэкІащ Налшык и «Трудовые резервы» стадионым. Гуп-гупурэ загуэшри, футболистхэр я Іэзагъым хагъэхъуэным телэжьащ.

Налшык и Сабий стадионым зыгъэсэныгъэхэм къыкІэлъыкІуэ мазхэм щыпащащ. АбыкІэ Іэмал гъуэзэджэ кьарет дунейр хуабзу зэрыщытым.

«Спартак-Налшыкым» хэтхэм зэкІэ зэхъуэкІыныгъэшхуэ яГуэтакъым. Хъыбар зэрывэдгъэщІащи, гъащхьэхъуэмэ Мэкъауэуэ Залым Мэзкуу и «Локомотив»-м къыщыкІэлъплъыну Испанием здашащ. Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м дэщІыгъуу Туркым кІуащ гъащхьэхъуэмэныкъуэ Мухьэммэд Шэриф. Ди щІалэхэм къахыхьэжащ нэхъапэм (2014 гъэм) яхэта Чхапелие Никэ. Япэ дивизионым и пашэхэм ящыщ зы Ленинград областым и «Тосно» командэм ар накъыгъэм (майм) и 31 пщІондэ бэджэнду къъдитащ, и узыншагъэр нэсу зэрІигъэувэжу и джэгукІэр зэтеувэжьын хуэдэу.

Мазаем (февралым) и пэщІэдзэм «Спартак-Налшыкыр» Футбол Лъэпкъ Лигэм и кубокым Кипрым щыщІэбэныну. Абы и япэ зэІущІэхэр щекІуэкІыну пІалъэр иджыблагъэ яубзыхуащ. Мазаем и 11-м ди щІалэхэр «В» гупым щыІущІэнущ Красноярск и «Енисей»-м. Махуищ дэкІмэ, Санкт-Петербург и «Зенит-2»-р хьэрхуэрэгъу къахуэхьунущ. Мазаем и 17-м Екатеринбург и «Урал»-м дэджэгунущ. Зыхэта гупым къыщахьа увыпІэм елъытауэ адэкІэ къапэщІэтыныжьхэр наІуэ хъунущ. Абы икъ иткІэ иджыри зэІущІитІ ирагъэкІуэкІынущ.

Кипрым щыІэну зэхьэзэхуэр мазаем и 21 пщІондэ екІуэкІынущ. Ди щІалэхэм Іэмал яГуэтынущ джэгуГуитхум абы щыхэтну икІи ГъатхэпІэм щІэздзэжьну Урысей федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым и зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэм ихьарзынэу зыхуагъэхьэзырыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Кулиев Эльдар Къайсын и къуэр

И ныбжьыр илъэс 66-м иту 2017 гъэм щІышылэм и 14-м пІащ кинорежиссёр щІэрыІуэ, сценарист, прозаик Кулиев Эльдар Къайсын и къуэр.

Кулиев Эльдар 1951 гъэм дыгъэгъаззм и 31-м Къыргъыз ССР-м хыхьэ Фрунзе къалэм (иджы Бишкекщ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ Кулиев Къайсынрэ и щхьэгъусэ Дахкильгоевэ Маккэрэ я унагъуэм къыщыдгъэщащ.

1968 гъэм Налшык и курыт школ №2-м и 10-нэ классыр къиухащ. А илъэс дыдэм Кинематографием и союзэпсо къэрал институту Москва щыІэм и режиссёр факультетым щІэтІысхьащ икІи Згуриди Александр и мастерскоим щеджащ. 1973 гъэм ВГИК-р къиухащ. «Сэлам зэрырахьж Іуплъэгъуэ» и диплом фильмыр Горькэм и цІэр зезыхь киностудиеим щытрахауэ щытащ. Кулиев Эльдар и сценарийм кІэ 1987 гъэм Довженкэ и цІэр зезыхь киностудиеим щытрахащ серищ хьу «Мывэ уІэгъэхэр» телефильмыр.

Кинематографием къыщихьа екъулІэныгъэхэм къадэкІуэу абы тхакІуэ акъылэфІэуи зыкъыгъэлъэгъащ. «Сэлам зэрырахьж Іуплъэгъуэ» и повесткр литературэхэм тхылъеджэхэм уафэжьу яГу ирихьауэ щытащ. Прозаик ныбжьыщІэхэм я тхыгъэхэр щызэхуахьэса «Сэлам узох, сымыцІыху!» тхылъым абы и рассказхэр ихуащ.

ЗэфІэкІышхуэ зиІэ гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ цІыхур фІыуэ ялъэгъуащ ар зи нэІуасэу щыта псоми. Абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм щІэщыгъуэу къаІуатэ дунейм щекІуэкІ Іуэхуэхэр икІи ахэр псыхьащ щалъхуа щІыналъэм хуиІэ лъагэныгъэмкІэ. Кулиев Эльдар езыгъэ и республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуищІащ.

Уз хьэлъэм абы Іэмал иритакъым и зэфІэкІым и гъунапкъэ псори къызэІуихыну, арщхьэкІэ и фэеплъ нэхур цІыхухэм ягу илъынущ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэ, Шэджэм районым и администрацэ.

«Республикэ клиникэ сымаджэщ» ГБУЗ-м и лэжьакІуэхэр КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, онколог **Джэрыджэ Розэ Азрэт и пхъум** и Іыхьлэхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехьакъым къыхэкІыу.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щІышылэм и 21-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жьласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ШІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; къызбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыдхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутныигъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елажьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жьласэ Замир**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпкъыгъэу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Доп Маринэ, Нэр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *суэрэтхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №62